

**Pwojè Enèji Gran Cambridge
(Greater Cambridge Energy Project, GCEP)**

Rankont Vityèl Lib nan Cambridge


**4 oktòb 2021 – 7 pm
13 oktòb 2021 – 12 midi**

Pwojè Enèji Gran Cambridge (The Greater Cambridge Energy Project)

Apwovizyone Elektrisite Kote Yo Bezwen Li


Yon sistèm rezo transmisyon elektrik solid se bagay ki vital pou sekirite, pwoteksyon ak pwosperite ekonomik rejyon an. Sistèm transmisyon an jwe yon wòl kritik pou asire ke elektrisite a transfere avèk yon degre fyabilite ki elve apatide kèlkeswa kote yo pwodui elektrisite a pou l rive kote yo bezwen l lan.

Pwojè Enèji Gran Cambridge la (The Greater Cambridge Energy Project) pral founi plis apwovizyonman elektrisite pou l satisfè demann elektrisite k ap ogmante nan zòn nan epitou y ap itilize l tou pou ranfòse sistèm transmisyon k ap desèvi rejyon an.



Yon Rezo Elektrik Fleksib

Sipòte livrezon enèji apatide resous enèji ekolojik adistans & lokal




Pwojè Enèji Gran Cambridge la (The Greater Cambridge Energy Project), ansanm avèk yon nouvo soustasyon, ak transmisyon asosye e ak liy distribisyon yo, ede tou pou asire ke rejyon an gen yon rezo elektrik fleksib ki ka akomode sous pwodiksyon elektrik ekolojik kounyeya ak nan lefiti.

- ✓ Lè yon rezo transmisyon gen rezistans, li fasilite redondans pou ede asire fyabilite sistèm nan e pou pote enèji ekolojik apatide sous pwodiksyon an jouk rive kote ak lè yo bezwen enèji a.
- ✓ Rezo distribisyon fleksib yo pèmèt yo jere nivo chanjman pwodiksyon yo distribye onivo lokal ki limenm ede pou diminye risk pou yo pa mete twòp chaj sou ekipman distribisyon yo.
- ✓ Efikasite enèjetik ak efò ki fèt pou satisfè demann yo ede konsomatè ki la deja yo kontribye nan efò jeneral k ap fèt la.

Byenke se definitivman yon pati nan solisyon an, Eènèji Solè ak Estokaj Eènèji gen limit yo

Eènèji Solè

- Li pa feزاب poutèt anplè a ak tan sa pran ki nesesè pou satisfè bezwen yo.
- Tan demann nan dire depase disponibilite eènèji solè a lontan.
- Mizajou jeneral nan sistèm nesesè toujou pou entegrasyon.



Estokaj eènèji

- Li pa feزاب poutèt anplè a ak mank kapasite pou alimante sistèm nan.
- Se gwo gwo teren oswa egzijans konsomatè yo ki pou ajoute pwodiksyon pou reyalimantasyon.



Pwodiksyon gaz/annijans

- Li pa feزاب poutèt anplè a ak emisyon ki ogmante.
- Nivo maksimòm yo rive nan jou ki fè cho yo lè demann nan limite pou pwodiksyon CHP.
- Mizajou nan sistèm nan nesesè toujou.



Byenke yo fè patide solisyon total la, opsyon sa yo, kit se poukont yo kit se an konbinezon, pa ka satisfè demann eènèji ke zòn nan bezwen e sa ki pi enpòtan an, yo pa adrese nesesite pou gen konektivite / redondans rezo a.

Yon Apèsi Sou Pwojè A

Nouvo Estasyon, Nouvo Liy Transmisyon, Nouvo Liy Distribisyon

Nouvo Soustasyon Souteren nan Kendall Square



- Li entegre nan plan reyamènajman Boston Properties - espas piblik ki louvri e ki sou tèt soustasyon an ant bilding rezidansyèl ak komèsyal.

Nouvo liy transmisyon souteren


- Senk nouvo sistèm kanalizasyon pou liy transmisyon souteren 115-kilovòlt ("kV")
 - 2 nouvo sistèm kanalizasyon ant nouvo Soustasyon an ak Soustasyon Allston/Brighton ki egziste a
 - 1 nouvo sistèm kanalizasyon ant nouvo Soustasyon an ak Soustasyon Prospect Street nan Somerville
 - 1 nouvo sistèm kanalizasyon ant nouvo Soustasyon an ak Soustasyon Putnam Avenue nan Cambridge, epi
 - 1 nouvo sistèm kanalizasyon ant nouvo Soustasyon an ak Soustasyon East Cambridge nan Cambridge

Nouvo liy distribisyon

- 48 nouvo liy distribisyon



Egzanp Konfigirasyon Soustasyon
Ki Pi Ba Anba Tè



Egzanp Wout Liy Transmisyon yo

Soustasyon Iben Ki Pi Ba Pase Nivo Tè a

Kèk egzanp Sèvis Entèn ak Soustasyon Souteren yo Pwopoze fè ann Amerik Dinò



Cathedral Square Plaza, Vancouver

L ap Fonksyone Depi: 1984

Dimansyon: 250 x 122 pye



West End Substation, Vancouver
Yo Pwopoze Li Aktyèlman


<https://www.bchydro.com/energy-in-bc/projects/west-end-substation.html>



Roosevelt Park, Anaheim, CA

L ap Fonksyone Depi: 2006

Dimansyon: 130 x 110 pye





Seleksyon Wout Enplantasyon - Totalite Wout yo

Analiz Detaye, Reyaksyon Entèvenan yo, Apwòch Itèratif


Apwòch Eversource pou Wout Liy Transmisyon yo

- Li kòmanse ak analiz potansyèl "Totalite wout yo (Universe of routes)" ant soustasyon yo pwopoze a ak kat soustasyon ki egziste – Kendall Square (vèt), Putnam (ble), Somerville (jòn) ak Brighton (wouj).
- Alèkile yo sistematikman diminyesou "Totalite Wout yo (Universe of Routes)" selon fyabilite sistèm nan, selon posibilite teknik, selon enpak anviwònmanal ak enpak sou kominote yo, selon kòmantè entèvenan yo e selon pri a.
- Yo seleksyone opsyon ki balanse kritè sa yo pi byen pou fè plis analiz.
- Eversource idantifye pi bon wout yo apatide chak zòn etid yo pou konsiderasyon final ak kòmantè entèvenan yo.



Pi Bon Wout nan Zòn Etid Putnam

Wout Putnam yo (Ble)



Wout P-11 (0.87 Mil)


Li lokalize sou ri piblik ki nan Cambridge yo (**Broadway, Ames St., Main St., Vassar St., Massachusetts Ave. ak Memorial Drive***).

Wout P-13 (0.49 Mil)

Li lokalize sou ri piblik ki nan Cambridge yo (**Broadway, Ames St. ak Memorial Drive***).

Toulède Wout yo P-11 ak P-13 fini nan yon konfigirasyon "T" sou **Memorial Drive*** - rakòde nan yon (dè) liy transmisyon ki egziste nan direksyon lès ak lwès.

Pi Bon Wout nan Zòn Etid Kendall Wout Kendall yo (Vèt)



Wout K11 (apeprè 0.61 mil)

- Wout la ale nan direksyon lès apatide nouvo soustasyon ki sou **Broadway** anvan li vire nan direksyon nò anfas pwopriyete Volpe Center ke yo adose pou rive **Potter Street***.
- Apatide **Potter Street***, wout la ale nan direksyon nò sou **5th Street*** epi alès sou **Munroe*** anvan l janbe Third epi rive sou **Linskey Way**.
- Wout la suiv **Linskey** alès anvan l vire nan direksyon sid sou **Second Street** pou ale nan Soustasyon Kendall la.

Wout K5A (apeprè 0.63 mil)


- Wout la suiv **Broadway** anvan l janbe kwen pwopriyete Volpe
- Wout la suiv **Third Street** epi l vire alès sou **Linskey Way**
- Finalman li vire nan direksyon sid sou **Second Street** pou ale nan Soustasyon Kendall la

Pi Bon Wout nan Zòn Etid Somerville

Wout Somerville yo (Jòn)

Wout S1 (apeprè 1.34 mil)

- Wout la ale nan direksyon lwès sou **Broadway** anvan l vire nòdwès sou **Hampshire Street**.
- Wout la suiv **Columbia Street** nan Somerville pou l vin entèsekte ak **Windsor Place**.
- Alèkile wout la ale nan direksyon nò anfas yon paking prive nan direksyon **MBTA commuter tracks** (Liy Prensipal Fitchburg) kote yo kwaze grasa teknik konstriksyon ki pa itilize okenn fose.
- Lè wout la fin janbe ray yo, li vire nan direksyon nòdwès **toutotou bòdi nouvo platfòm tren MBTA nan Union Square**, anfas yon pasèl teren ke y ap reyamenaje pou izaj miltip.
- Alèkile wout la janbe **sou Prospect Street** nan soustasyon Somerville la.



Wout S11C (apeprè 1.64 mil)

- Wout la ale nan direksyon lwès sou **Broadway**, li vire nan direksyon nò sou pasèl ki pou Cambridge ki adose sou bò ki alès Grand Junction Corridor la.
- Wout la kontinye nan nò, kòtakòt sou **Chimen a Izaj Miltip Grand Junction**, li janbe pi ba ke nivo tè a nan **Binney, Cambridge** ak **Medford Streets**.
- Lè wout la fin janbe **Medford Street**, li kontinye ale nan nò sou bòdi lwès pasaj MBTA jouk rive nan **ray tren MBTA yo**.
- Wout la ap **janbe ni anba ray MBTA yo ni anba McGrath Highway** grasa teknik konstriksyon fose pou rive nan **pasèl teren ki pou Eversource sou Linwood St**.
- Alèkile liy lan ap vire nan direksyon nòdwès sou **Linwood, Washington** ak **Prospect Street** kote l ap konekte ak Soustasyon Somerville la.

Pi Bon Wout nan Zòn Etid Brighton

Wout Brighton yo (Wouj) - Yo Bezwen 2 Liy

Wout B-30 (apeprè 3.43 Mil)

Li lokalize nan Cambridge ak nan Boston. Wout la janbe **Memorial Drive*** etan l ap pwoche **Anderson Memorial Bridge**. Gen Kont Espas ki disponib pou liy transmisyon yo sou pon an.

Wout B-29F (apeprè 3.01 Mil)

- Wout la suiv **Vassar St.** anvan l konekte ak **Memorial Drive*** pou l ale nan **River St. Bridge**. Gen Kont Espas ki disponib pou liy transmisyon yo sou pon an.
- Sa a se kote **River St. Bridge** vin tounen **Soldiers Field Road***
- Sou bò Boston Charles River a, wout la suiv **Cambridge St.** jiska Soustasyon Brighton nan

Wout B-2AN (apeprè 2.94 Mil)**

- Li suiv menm aliyman ak Wout B2A East, ikonpri kote **HDD janmbe Charles River** nan zòn **MassDOT Allston Multimodal Project**.
- Wout la suiv bòdi pasèl sid pwopriyete **Harvard University** ki paralèl ak **etablisman ray MBTA ki egziste**.

** Yo ta kapab potansyèlman fè varyasyon sa a pwogrese si MassDOT pran desizyon pou li pa pousuiv Allston Multimodal Project la.

Janbe HDD (detay yo sou dyapozitif suivan an)

Wout B-31 (apeprè 3.26 Mil)


- Li enlikeye travay sou **Memorial Drive***, apatide entèseksyon li ak **Ames St.**, atravè **BU Bridge** epi l vire monte sou **River St. Bridge**.
- **River St. Bridge** vin tounen **Soldiers Field Road***
- Sou bò Boston Charles River a, wout la suiv **Cambridge St.** jiska Soustasyon Brighton la.
- por **Cambridge St.** hasta la subestasyon Brighton.

*Sou kont e sou responsabilté MassDCR

Janbe Charles River a

HDD Anba Charles River nan Magazine Beach

- Konstriksyon fose konvansyonèl ki ouvri sou Memorial Drive ak nan yon zòn ki limite sou zòn gazon Magazine Beach anvan l fè tranzisyon Foraj Direksyonèl Orizantal (Horizontal Directional Drill, HDD).
- HDD minimize deranjman an sou Charles River, donk sou riv adjasan an ak marekaj yo, e nan etablisman rekreyatif DCR yo (Magazine Beach, Paul Dudley White Bike Path [wout bekàn]).
- Yo pral restore tout kote yo fè travay yo jan yo te ye anvan konstriksyon an.



Pi Bon Wout nan Zòn Etid Brighton


Kote HDD Sòti nan Sit Miltimòd Allston



- Yo t ap mete kote HDD sòti a sou Sit Pwojè Miltimòd Allston, nan yon zòn ki an deranjman aktyèlman.
- Wout B2A a suiv aliyman jeneral wout y ap fè nan lefitye ke yo konsidere ki fè pati Pwojè Miltimòd Allston lan.
- Si yo pa pwogrese ak pwojè Miltimòd Allston lan, gen anpil chans ke yo ka konstwi Varyasyon Wout B2AN plis nan sid nan direksyon depo ray la pou evite kontrarye kapasite mèt teren an (Harvard) pou l devlope teren an nan lefitye.
- Piske gen plis espas pou travay sou bò lwès Charles River ak mwens chans pou sa gen enpak sou vejetasyon an e sou teren ki aktyèlman entak, y ap itilize Pwojè Miltimòd Allston lan pou yo asanble konduit HDPE anvan yo fè li pase nan pwen antre a.

HDD Anba Charles River


Vi Pwofil Konsèp la



Sekansaj Konstrisyon Liy yo Pwopoze

“The Train (Tren an)”

Installation of Underground Electric Transmission Lines



Imaj sa a la pou ilustrasyon sèlman. Yo pa desinen li alechèl epi li pa reprezante okenn ri aktyèl.

Ekip travay nou yo pral travay nan ri lokal yo nan chak faz Pwojè a: **enstalasyon kondui, fouye fòs, enstalasyon kab, rale kab/jonksyon kab, ak restorasyon final.**

Sekans Konstriksyon Tipik:

1. Enstalasyon Kondui
2. Koup siyaj ak fouye fose.
3. Enstale Tiyo ak ranbleyaj. Retabli sifas wout machin yo tanporèman
4. Rale kab ak jonksyon kab.
5. Retablisman Pèmanan.

Travay ki pral fèt bò kote kay moun yo pral pran apeprè kèlke semèn epi ekip travay yo pral kowòdone ak moun katye yo pou minimize enpak sa ka genyen sou lavi kouran yo.

Nou pral dekri fason n ap travay ak anplwaye minisipalite yo, n ap dekri plan sikilasyon ak retablisman k ap fèt davans ak resous enjenyè ki sou teren an pral ede asire kowòdinasyon konstriksyon ki sere.

Byenke konstriksyon an toujou ankou, nou pa antisipe okenn limit nan travay k ap nesesè nan soustasyon ki elwaye yo.

- Yo pral bezwen itilize ekipman pou sispann liy la nan soustasyon Brighton, Kendall ak Somerville yo.
- Epitou yo pral egzije pou yo mete limit sou ekipman an pou lemoman e yo planifye pou yo mete li anndan soustasyon North Cambridge ki egziste a.
- Tout travay yo pral fèt anndan liy kloti ki egziste yo epi sa pap kreye okenn chanjman enpòtan ki vizib si moun ap gade apatide deyò pwopriyete soustasyon an.

Etan n ap tann ke nou resevwa tout pèmi ak otorizasyon ki nesèsè yo, nou antisipe kòmanse ak konstriksyon pwojè a nan 2yèm Trimès (Q2) 2024, l ap kontinye sou yon peryòd 48 mwa, epi n ap bat pou nou fini nan fen 4yèm Trimès (Q4) 2028



*Sipozisyon 24 mwa apatide lè anrejistreman ak lè desizyon an.



Pou Plis Enfòmasyon:



1-800-793-2202



ProjectInfo@eversource.com

Ou kapab chèche konnen tou tout sa k ap pase nan kominote w la, depi ou bay enfòmasyon kontak ou pa telefòn, pa imèl oswa lè w eskane kòd QR la apatide aparèy entèlijan w lan.

